



**PA GEN OKENN RÈG FÈM OU KA LI FASIL,  
SOU JAN POU W REPONN YON  
TIMOUN KI VIN DI W GEN YON MOUN KI  
FÈ ATAK SOU LI.**

### Èske ou te dejà konnen?

- Gen 1 fi sou 4 yo fè atak seksyèl sou li anvan li rive gen 18 an.
- Gen 1 ti gason sou 6 yo fè atak seksyèl sou li anvan li rive gen 18 an.
- Gen 1 sou 5 timoun ki resevwa mesaj sou entènèt pou mande l fè sèks.
- 90% nan timoun ki viktim atak seksyèl yo konnen moun ki fè atak la sou yo.

**SÈLMAN 1 SOU 10 NANTIMOUN KI SIBI ATAK  
SEKSYÈL YO FÈ RAPÒ KONT MOUN KI FÈ ATAK LA.**



### Èske ou konnen kisa ou dwe fè lè yon timoun gen kouraj poufè rapò sou sa?

Pitit la kapab santi li wont, oswa li an kòlè, oswa li pa kapab fè anyen, ak/oswa li pè (li kapab sitou pè pou w pa kwè sa li di a).

- Kenbe sanfwa w. Kontwole reyakson w.
- Chèche yon kote ou ka pale poukout ou avèk li.
- Koute kisa timoun lan genyen pou l di.
- Fè timoun lan konnen ou kwè li.
- Pa poze timoun lan kesyon, ni pa di l kisa ou kwè li dwe di.
- Esplike timoun lan li byen fèt vin pale avèk ou.
- Fè timoun lan konnen pèsonn pa pral fache sou li.
- Pa fè presyon sou timoun lan pou fè l di w plis pase sa lanti li alèz pou l di w, nan moman sa a.
- Pa pote jijman sou timoun lan, oswa sou moun ki fè atak la.
- Di pitit ou a ou pral genyen pou w fè lòt moun konnen sa ki rive a, pou pwòp pwotekson l.
- Gade byen pou w rive fè timoun lan konprann atak la, se pa fòt li.
- Fè timoun lan konnen ou pral okipe sa li bezwen.
- Fè timoun lan konnen li toujou ka vin pale avèk ou.



### Avantaj ki genyen nan CAC

Lontan, lè te gen yon rapò sou yon timoun yo fè atak sou li, te gen plizyè ajans endepandan ki te konn antre nan ankèt sou ka sa yo. Yo te konn fè timoun lan vini nan plizyè entèvyou avèk pwofesyonèl asistans sosyal, legal, medikal, sante mantal, ak lapolis, ki te antre nan kesyon ki anrapò ak ankèt la ak pwotekson timoun lan. Metòd sa yo te manke sansibilite pou emosyon viktim lan, epi yo te lakòz repetisyon travay, chase-kwaze, epi reyakson initil ki te menm konn fèt anreta.

Kounye a, genyen Sant pou Defann Dwa Timoun yo (Children's Advocacy Centers) ki ankouraje kolaborasyon ant ajans yo, epi ki rekònèt bezwen espesyal timoun ki viktim yo.

### Kote Entèvyou yo Fèt

Lokal MCAC a anndan Sant pou Pwotekson Timoun nan Biwo Komisè Gouvènman (DA) Middlesex la. Nou administre 3 lokal pou fè entèvyou nan bon kondisyon avèk timoun, nan biwo rejonal DA ki nan Woburn, Framingham, ak Lowell yo.

15 Commonwealth Avenue  
Woburn, MA 01801  
(781) 897-8400

63 Fountain Street, Suite 404  
Framingham, MA 01702  
(781) 897-8800

151 Warren Street  
Lowell, MA 01852  
(781) 897-8900



Vini nan Sit Entènèt nou an pou Plis  
Enfòmasyon.

**Sant pou Defann Dwa Timoun nan Middlesex  
(Middlesex Children's Advocacy Center)**

[www.middlesexcac.org](http://www.middlesexcac.org)

**Biwo Komisè Gouvènman nan Middlesex  
(Middlesex District Attorney's Office)**

[www.middlesexda.com](http://www.middlesexda.com)



**MIDDLESEX  
CHILDREN'S  
ADVOCACY CENTER**

**Sant pou Defann Dwa Timoun nan Middlesex**

**NOUTRAVAY MEN NAN MEN  
POU FÈ YON DIFERANS**

Sant pou Defann Dwa Timoun nan Middlesex la (Middlesex Children's Advocacy Center, ki rele tou MCAC) se yon patenarya miltidisiplinè ant pwofesyonèl ki mennen ankèt lè gen rapò ki fèt kont atak sou timoun, ak sou esplwatasyon timoun, nan yon jan ki fè timoun lan alèz, ki koresponn avèk devlopman ak eta sante l, epi ki trete timoun lan dapre kilti fanmi l.

Metòd ekip miltidisiplinè nou an (ki rele MDT) redui kantite entèvyou pou ankèt yo, ansanm ak kantite fwa yon viktим gen pou li parèt nan tribinal, epi li pèmèt yon kowòdinasyon pi rapid ak pi efikas pou viktим lan ak pou moun nan fanmi l ki pa fè atak la, epi li pèmèt ekip la jwenn enfòmasyon li bezwen pou rive jwenn rezulta ki pi bon pou timoun lan, nan chak ka.

Sèvis nou yo kouvrì yon entèvyou medikolegal, ak yon ankèt MDT, epi rekòmandasyon pou ale fè yon egzamen medikal espesyalize, ak resevwa sèvis pou sante mantal ki fèt dapre bezwen klinik, ekonomik, lang, ak kilti timoun lan ak fanmi l.

Pwofesyonèl ki fè sèvis sa yo resevwa fòmasyon nan MCAC, pou yo kapab rekonèt ak fè rapò sou atak ak negligans ki fèt kont.



MCAC se yon manm akredite nan Alyans Nasyonal pou Timoun, epi li travay an kolaborasyon avèk Sant Avoka nan Distrik Middlesex pou Pwoteksyon Timoun la.

NOUTRAVAYPOUREDUITWOMATISSEGONDÈPOUVIKTIMATAKSOUTIMOUN.



## Entèvyou Medikolegal

Pral gen yon pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon espesyal, k ap fè yon entèvyou konfidansyèl avèk pitit ou a nan yon sal kote l ap gen pwoteksyon, epi ki koresponn avèk laj li. Lòt manm nan ekip la pral rete nan yon sal sou kote pou obsève entèvyou a, nan yon miwa transparan. Sa pral pèmèt ekip la tande kisa pitit ou a gen pou l di, epi yo pral kapab gade tout sa pou yo fè yon sèl kou, nan ankèt la ak pou pwoteksyon timoun lan. Entèvyou a pral fèt yon jan ki koresponn ak devlopman timoun lan, dapre prensip lalwa.

Anvan entèvyou a, li bon pou w fè timoun lan konnen gen yon moun ki vle pale avèk li sou sa ki rive a. Ankouraje timoun lan pale san li pa jennen. Pa poze timoun lan kesyon, ni pa di l kisa ou kwè li dwe di. Si l vle pale avèk ou, ou mèt tande l. Li enpòtan pou w fè timoun lan konnen pèsonn pa pral fache sou li.

Ou pa ka chita ak timoun lan, ni avèk ekip la pandan entèvyou a, paske ou ka yon distraksyon, oubyen timoun lan ka jennen pou pale devan w, epi yo ka rele w kòm temwen si gen yon jijman.

Ou pral gen yon chans pou w pale ak moun nan ekip la, pou konnen kouman ankèt la pral.



## Sèvis pou Sante Mantal

Sèvis pou sante mantal yo kapab yon faktè esansyèl nan okipe konsekans imedyat ak konsekans apre lontan ki soti nan twomatis timoun lan, ni pou viktим lan, ni pou moun nan fanmi l ki pa te fè atak la.

Yon pwofesyonèl ki espesyalize nan travay sou twomatis avèk timoun kapab ede pitit ou a lite kont santiman ki konn asosye ak konsekans atak la, tankou santi li koupab, fè tèt li repwòch, manke konfyans, santi li manke sekirite, ansanm ak santiman responsabilite timoun lan ka genyen paske li kwè li lakòz

## Evalyasyon Medikal

Lè gen yon pwoblèm ki sanble li grav, oswa lè gen yon rapò kont yon atak sou yon timoun, timoun lan merite pou yon pwofesyonèl sante ki genyen esperyans pedyatrik ak kalifikasyon nan zafè atak sou timoun, fè yon evalyasyon medikal pou li.

Rezon pou yon egzamen konsa, se pou:

- pwoteje sante ak byennèt timoun lan;
- poze dyagnostik ak trete pwoblèm medikal ki an rapò avèk atak la;
- fè timoun lan konnen tout bagay nan kò l nòmal;
- anrejistre tout prèv fizik ak prèv medikolegal yo dekouvrir;
- pèmèt yo pran prèv ki ka rete sou kò timoun lan, oswa sou rad li (si rapò a pa fèt twò lontan apre atak la).



Genyen sèvis Enfimyè Egzaminatè pou Atak Seksyèl (pou timoun ki gen 12 an oswa plis), oswa Enfimyè Egzaminatè Pedyat pou Atak Seksyèl (pou timoun ki gen 11 an oswa mwens) nan plizyè lokal nan Middlesex County oubyen nan zòn lan. Enfimyè sa yo resevwa fòmasyon espesyal, epi yo sètifye pou fè egzamen medikolegal avèk konpetans.

deranjman pou lòt moun lè li fè rapò sou atak la.

Pwofesyonèl yo ka ede moun nan fanmi an ki pa fè atak sou timoun lan soulaje tansyon lespri yo vin santi nan plizyè aktivite nan lavi yo, apre yon timoun fè rapò pou yon atak yo fè sou li; epi yo ka ede moun konprann ki lòt sèvis timoun lan ka bezwen pandan l ap pase nan nouvo etap devlopman afektif, sosyal ak/oswa fizik li.

